

Senk Sans Mwen Yo

Alik

Mwen ka wè!
Mwen wè ak je m.

Mwen ka tande!
Mwen tande ak zòrèy mwen.

Mwen ka pran odè!
Mwen pran odè an nen m.

Mwen ka manje.
Mwen pran gou manje ak lang mwen.

Mwen ka manyen!
Mwen manyen ak dwèt mwen yo.

Mwen fè tout bagay sa yo ak sans mwen yo.
Mwen gen senk sans.

Lè mwen wè solèy la
osnon zwazo
osnon ti sè m,
Mwen sèvi ak je m. Mwen wè.

Lè m tande yon tanbou ap bat
osnon yon sirèn ponpye
osnon lapli k ap tonbe,
mwen sèvi ak zòrèy mwen.

Mwen tande.

Lè mwen pran odè poud ti bebe osnon bwa ben
osnon bonbon k ap kuit lan fou,
m ap sèvi ak nen m.

Mwen pran odè.

Lè m bwè lèt mwen ak lè mwen manje manje m,
mwen pran gou yo ak lang mwen.

Lè m manyen yon ti chat
osnon yon balon
osnon dlo lapli,
m ap santi yo ak dwèt mwen.

Gen de lè mwen sèvi ak tout sans mwen yo
an menm tan.

Gen de lè mwen sèvi ak yon sèl ase.
Gen de lè m fè yon ti jwèt poukont kò m.

M eseye devinen ak konbyen sans m ap sèvi
nan moman sa a.

Lè m ap gade lalin ak zetwal, m ap sèvi
ak yon sèl sans.

Lè m ap e m ap jwe ak ti chen m lan,
mwen sèvi ak kat sans.

Mwen wè,

m tande,

m pran odè,

e m anyen.

Lè m ap frape boul mwen atè, mwen wè,
m manyen,
m tande.

Gen de lè m sèvi plis ak yon sans
pase yon lòt.

Men chak sans yo enpòtan
pou ede m jwi tout sa ki genyen nan lavi a.

Mwen jwi lavi a....

lè m ka tande....

...lè m ka pran odè...

...lè m ka manje...

...lè m ka manyen.

Wè tande goute santi manyen

Kèlkeswa kote m ale,

Kèlkeswa sa m ap fè

chak minit lan yon

jounen, sans mwen yo

ap travay.

Yo pèmèt mwen viv.



Senk Sans

Nou tout gen senk sans.
Fò nou konn non yo.
Wè, tandè, santi,
Goute ak touche.

Wi nou gen senk sans
Nou konnen non yo
Wè avèk je nou,
Tandè ak zòrèy nou,
Santi ak nen nou,
Goute ak lang nou,
Touche ak men nou.